


## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

#### **3.1 Désain Panalungtikan**

Pamarekan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun pamarekan kualitatif, kalawan maké métodé déskriptif. Bogdan jeung Taylor (dina Nugrahani, 2014, kc. 4), nétélakeun yén pamarekan kualitatif mangrupa prosedur panalungtikan anu ngahasilkeun data déskriptif nyaéta omongan, tulisan jeung paripolah jalma.

Dina ieu panalungtikan, digunakeun pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif. Métode panalungtikanana digunakeun pikeun ngadeskripsikeun wangun gramatikal dina babasan jeung paribasa Sunda “misato”, maksud anu dikandung dina babasan jeung paribasa Sunda “misato”, sarta ajén budaya dina babasan jeung paribasa Sunda “misato” dumasar kana ulikan gramatikal, ulikan semantik, jeung ulikan étnolinguistik. Sangkan leuwih jéntré, galur kagiatan dina ieu panalungtikan baris digambarkeun dina bagan 3.1.



Bagan 3.1 Galur Kagiatan Panalungtikan

### 3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Sumber data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta buku anu judulna *1000 Babasan jeung Paribasa Sunda* karya Budi Rahayu Tamsyah, spk. nu medal taun 2012 ku Pustaka Setia. Ukuran bukuna 14,5 x 21 cm, kandelna 160 kaca. Sarta sumber data nu kaduana nyaéta buku anu judulna *1863 Babasan jeung Paribasa Sunda* karya Nugraha D, nu medal taun 2012 ku Nuansa Aulia. Ukuran bukuna 14,5 x 20,5 cm, kandelna 258 kaca.



Gambar 3.1 Buku Babasan jeung Paribasa Sunda

Anapon, data dina ieu panalungtikan nyaéta sakabéh babasan jeung paribasa Sunda anu raket patalina jeung ngaran-ngaran sasatoan katut babagian awakna atawa anu disebut ogé misato.

### 3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta alat atawa sarana nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data sangkan dina ngalakukeun pagawéanana leuwih gampang tur hasilna leuwih hadé (Arikunto dina Abidin & Purbawanto, 2015, kc. 41). Ku kituna, sakabéh alat atawa sarana dina ngumpulkeun data téh disebutna instrumén panalungtikan, saperti kuésioner, wawancara, observasi jeung nu lianna.

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data. Anapon, informasi anu aya dina kartu data ngawengku susunan alpabét, ungkara babasan/paribasa Sunda, judul buku/sumber data, wanda babasan/paribasa, kaca buku, wangun basa, harti idiomatik, maksud anu dikandung, jeung ajén budaya. Sangkan leuwih jéntré, kartu datana saperti dina gambar 3.2.

A	
(003) Aya di sihung <i>maung</i> (1000 BPS/B/17)	
Wangun gramatikal	: frasa
Harti idiomatik	: loba hubungan jeung gegeden, jadi babari meunang pitulung
Maksud nu dikandung	: piluangeun
Ajén budaya	: hubungan manusa jeung sasama

Gambar 3.2 Kartu Data

Keterangan:

No. Data	: nomer urut data (003).
Data	: ungkara babasan atawa paribasa Sunda misato.
Sumber	: ngaran buku/sumber data nu ditalungtik (1000BPS nyaéta buku <i>1000 Babasan jeung Paribasa Sunda</i> karya Budi Rahayu Tamsyah, spk., jeung 1863BPBS nyaéta buku <i>1863 Babasan jeung Paribasa Sunda</i> karya Nugraha D.).
kaca	: ungkara babasan atawa paribasa Sunda misato dina kaca ka sabaraha.
Harti babasan/paribasa	: harti idiomatis babasan atawa paribasa Sunda misato.
Maksud anu dikandung	: maksud nu dikandung dina babasan atawa paribasa Sunda misato.
Ajén budaya	: Ajén budaya anu nyampak dina babasan atawa paribasa Sunda misato.

Informasi anu dikumpulkeun dina kartu data téh saluyu jeung data anu kapanggih nalika nganalisis sumber data, anu satuluyna disusun dumasar kode, bari jeung teu ngaleungitkeun informasi anu aya tina kartu data.

### 3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Data anu dikumpulkeun dina ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun téhnik studi pustaka. Studi pustaka nyaéta patalina kajian tioritis jeung référénsi séjénna

kana ajén, budaya, sarta norma dina kamekaran situasi sosialna (Sugiyono, 2013, kc. 291).

Dina ieu panalungtikan, téhnik studi pustaka digunakeun pikeun ngumpulkeun data babasan jeung paribasa “misato” nu aya dina buku *1000 Babasan jeung Paribasa Sunda* karya Budi Rahayu Tamsyah, spk. jeung dina buku *1863 Babasan jeung Paribasa Sunda* karya Nugraha D sarta maké ulikan semantik jeung étnolinguistik. Anapon léngkah-léngkah ngumpulkeun data dumasar kana téhnik studi pustaka, baris diébréhkeun saperti ieu di handap.

- 1) Nangtukeun sumber data. Dina ieu panalungtikan sumber data nu digunakeun aya dua nyaéta *1000 Babasan jeung Paribasa Sunda* karya Budi Rahayu Tamsyah, spk. jeung dina buku *1863 Babasan jeung Paribasa Sunda* karya Nugraha D.;
- 2) Maca buku *1000 Babasan jeung Paribasa Sunda* karya Budi Rahayu Tamsyah, spk. jeung dina buku *1863 Babasan jeung Paribasa Sunda* karya Nugraha D salaku sumber data kalawan taliti;
- 3) Nyirian babasan jeung paribasa “misato”; jeung
- 4) Nyalin babasan jeung paribasa “misato” nu kapanggih dina éta buku kana kartu data.

### 3.5 Téhnik Ngolah Data

Nurutkeun Abidin & Purbawanto (2015, kc. 145), ngolah data mangrupa prosés maluruh data ka nu wangun basajan sangkan leuwih gampang dibaca, anu satuluyna bisa dilarapkeun nalika nyieun kacindekkan tina hasil évaluasi anu dilaksanakeun.

Dina ieu panalungtikan téhnik ngolah data anu dipaké nyaéta téhnik analisis unsur langsung. Unsur nu dianalisisna nyaéta wangun basa babasan jeung paribasa Sunda “misato”, maksud anu dikandung dina babasan jeung paribasa “misato, jeung ajén budaya anu nyampak dina babasan jeung paribasa “misato”. Anapon léngkah-léngkah anu dilaksanakeun dina ngolah data, saperti ieu di handap.

- 1) Mariksa deui data anu geus dikumpulkeun dina kartu data, nu mangrupa data wangun basa, harti jeung ajén budayana;

- 2) Nyieun papasingan babasan jeung paribasa Sunda “misato” dumasar kana wangun basa, harti dumasar kana maksud nu dikandungna sarta ajén budayana;
- 3) Nganalisis babasan jeung paribasa Sunda “misato” dumasar kana data wangun basa, harti, jeung ajén budaya, anu aya dina sumber data;
- 4) Ngadéskripsikeun babasan jeung paribasa Sunda “misato” dumasar kana wangun basa, harti, jeung ajén budaya, anu aya dina sumber data;
- 5) Napsirkeun data babasan jeung paribasa Sunda “misato” dumasar kana wangun basa, harti, jeung ajén budaya, anu aya dina sumber data; jeung
- 6) Nyieun kacindekan tina hasil anu geus dianalisis.